



Èske fanmi m ka toujou kalifye pou resevwa asistans finansye menmsi patwon m nan ofri nou yon asirans sante?

Si w panse ou menm oswa manm nan fanmi w yo kapab kalifye pou nou resevwa asistans finansye, kontakte NY State of Health pou w ka jwenn yon moun ki pou ede w aplike :

Sou entènèt :
nystateofhealth.ny.gov

Nan Telefòn :
1-855-355-5777 oswa
TTY: 1-800-662-1220

Fas-a-fas :
Èd gratis nan men yon asistan sètifye

NY State of Health konfòme li ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa nan Eta a ki anviwè, epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, sèks, laj, orijin nasyonal, kwayans oswa relijyon, eta sivil oswa sityasyon famiyal, kazyè jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/ oswa vanjans.

Kouvèti Asirans Sante Fanmi an ap vin pi bon mache

Nouvo Règ Kalifikasyon pou Asistans Finansye atravè NY State of Health

- Apati 1ye janvyè 2023, kritè kalifikasyon pou manm fanmi yo resevwa asistans finansye baze sou si travay yo ofri yo yon kouvèti asirans ki bon mache.
- Nou konsidere yon plan sante famiyal kòm yon plan ki "abòdab" si prim lan reprezante mwens pase 9,96 pousan nan revni kay la.
- Si nou konsidere kouvèti fanmi an pa abòdab, manm fanmi yo kapab toujou kalifye pou yo resevwa yon asistans finansye.
- Sa pa chanje kritè ki pèmèt nou deside si plan anplwaye yo abòdab. Si anplwaye a kapab jwenn yon kouvèti endividyèl ki abòdab (anplwaye sèlman) atravè travay yo, yo p ap kalifye pou asistans finansye atravè NY State of Health. Sepandan, manm fanmi yo kapab toujou kalifye.

Politik sou Kalifikasyon pou Jwenn Asistans Finansye Anvan 2023

- Jiska 2023, n ap konsidere yon asirans sante kòm "abòdab" sou baz pri kouvèti asirans endividyèl (anplwaye-sèlman) an.
- Jiska lè sa a, si prim pou yon kouvèti asirans endividyèl (anplwaye-sèlman) egal ak mwens pase 9,61 pousan nan revni kay anplwaye a, nou konsidere l kòm yon plan asirans ki abòdab. Anplwaye ki ka jwenn yon asirans sante abòdab nan men anplwaye yo pa kalifye pou yo resevwa èd finansye pou yon plan NY State of Health.
- Si yon anplwaye pa kalifye pou l resevwa èd finansye atravè NY State of Health dapre règ sa a, manm fanmi anplwaye a pa kalifye tou pou yo resevwa èd finansye atravè NY State of Health. Sa aplikab menm lè plan sante famiyal anplwaye a ofri a koute plis pase 9,61 pousan nan revni kay la.

Kisa Ou Ka Fè?

- Sèvi ak zouti pou Kalkile Asistans Finansye NY State of Health la: <https://info.nystateofhealth.ny.gov/estimate-financial-assistance>
- Zouti sa a bay yon estimasyon pou w wè si ou menm oswa manm fanmi ou yo kalifye pou nou resevwa asistans finansye. N ap detèmine si w kalifye lè w ap aplike.